**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада жамият ва табиатнинг тизимли алоқаси асосида ҳозирги замон экологик вазиятининг кескинлашуви таҳлил қилинган. Тизимли ёндашув доирасида социотабиий ривожланишга нисбатан фаол-ўзгартувчи, тарихий-материалистик, ижтимоий-экологик методологик йўналишларнинг мазмуни очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассмотрено обострение современной экологической ситуации в её соотнесенности с системной связью общества и природы. Раскрыто в рамках системного подхода содержание деятельностно-преобразующего, историко-материалистического, социально-экологического методологических способов применительно к социоприродному развитию.

**SUMMARY**

This article discusses the exacerbation of the modern ecological situation in its correlation with the systemic connection with society and nature. Disclosed the content of the activity-transforming, historical-materialistic, socio-ecological methodological methods in relation to socio-natural development within the framework of the system approach.

## Tariyx

# ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЫЛЛАРЫНДА НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ ТАРИЙХЫН ҮЙРЕНИЎДИҢ МЕТОДОЛОГИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**З.Есназарова** – *тарийх илимлериниң кандидаты*

**З.Алеуов** – *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: метод, методология, фараз, назария, тарих, педагогика, дидактика

**Ключевые слова**: метод, методология, гипотеза, теория, педагогика, дидактика.

**Key words**: method, methodology, hypothesis, theory, history, pedagogy, didactics.

Ш.М.Мирзиёевтың 2017-жылы 30-июньдағы Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы қасындағы Өзбекстанның ең жаңа тарийхы бойынша жәмәәтшилик кеңеси искерлигин шөлкемлестириў ҳаққында»ғы [1] қарары әҳмийетли ҳүжжетлерден бири болып табылады.

Қарарда жәмәәтшилик кеңеси алдында Өзбекстанның ең жаңа тарийхын системалы, ҳақыйқый фактлик материаллар тийкарында үйрениўди, жас әўладқа илимий ҳәм оқыў-методикалық әдебиятларды жаратыў бойынша бир қатар ўазыйпаларды қойған. Усы ҳүжжетте көрсетилген ўазыйпаларды бир-бирин толықтырыўшы еки бағдарда әмелге асырыў шәрт болып есапланады. Бириншиден, жас әўладқа илимий ҳәм оқыў қолланбаларды жаратыў, екиншиден, тарийхый мағлыўматларды рационаллық тийкарда, жасларға жеткериў ҳәм оқытыў бүгинги күнниң актуал машқаласы болып табылады.

Екиншиден, Орайлық Азияның жаңа тарийхы материаллары тийкарында тарийх илиминиң теориясы ҳәм методологиясы бойынша изертлеўлер алып барылды. Ғәрезсизликке ерискеннен кейин Орайлық Азия мәмлекетлери улыўма сиясий, билимлендириў социал-экономикалық өзгерислер шараятында пайда болды. Усындай шәртлер тийкарында тарийх, политология, халық аралық қатнаслар, экономика, социология, антропология, психология ҳәм басқа пәнлер сыяқлы көплеген илимий пәнлердеги заманагөй процесслерди есапқа алған ҳалда усы дәўирди теориялық ҳәм әмелий үйрениў стратегиялық жақтан әҳмийетке ийе болады. Усы процесслерди илимий түсиниў көп тәрептен тарийхтаныўдың бар концептуал ҳәм методикалық арсеналын бастан ақырына критикалық анализлеў, жақын ҳәм өтмиш тарийхын үйрениў менен шуғылланатуғын барлық илимий тараўлардың теориялық мүмкиншиликлерин жаңалаў менен байланыслы [2].

Өзбекстанның жаңа тарийхы ҳаққында сөз болар екен, биз ушын дәслеп мәмлекетимизде 1991-жылдан кейинги басып өткен тарийхый жолдың мазмунын аңлап жетиў айрықша. Илимий изертлеўлердиң белгиленген мақсети ҳәм гипотезасына байланыслы биз төмендеги ўазыйпаларды белгилеп алдық:

1) Нөкис қаласы тарийхының илимий тийкарланған дәўирлик системасын дузиў ушын қәнигелестирилген әдебиятларды анализлеў;

2) усынылып атырған методологияның басқышлары ҳәм усылларын, олардың мазмуны педагогикалық процесске киргизиў тәртибин анықлаў жоқарғы оқыў орнының талабалары ушын Нөкис қаласы тарийхын оқытыў методологиясы нәтийжели әмелге асырыў;

3) тарийхшы талабалардың Нөкис қаласы тарийхы ҳаққында билим дәрежеси ҳәм дереклер көрсеткишин ислеп шығыў;

4) тәжирийбе-сынаў ислери процесинде ислеп шығылған методологияның нәтийжесин тексериў ушын қаралып шығылған изертлеўдиң методологиялық тийкарлары Нөкис қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыўын ашып беретуғын түсиниклер алып қаралады. Объектти ўақыт өтиўи менен раўажланып баратуғын система сыпатында үйрениўди тәмийинлейтуғын тарийхнамалық идеялар нәзерде тутылады. Сондай-ақ, Нөкис қаласы Қарақалпакстан Республикасының социал-экономикалық ҳәм мәдениятының раўажланыўында орны менен байланыслы болған тарийхыйлық жақтан сәўлелендириў. Билиў теориясы тийкарында исленбелер тийкарында эмприкалық ҳәм теориялық изертлеўдиң усылларын ҳәр тәреплеме қарап шығылыўы.

Билим бериў процессин анықлаў ҳәм оны оқытыў процесинде нәтийжели шөлкемлестириўдиң дидактикалық жақтан қантасыўы көрсетиледи. Раўажландырыў бойынша билим бериўдиң тийкарғы идеялары, Нөкис қаласының тарийхы ҳәм оның теориялық жақтан изертлениўи.

Теориялық изертлеўдиң түрли бағдарлары бойынша қәнигелестирилген әдебиятлар анализи, Нөкис қаласы мәдениятын үйрениўде тарийхыйлық машқалалары, тийкарынан тарийх ҳәм педагогика тараўындағы машқалалар, билимлерди қәлиплестириў методологиясы Нөкис қаласы тарийхының системасын дүзиў идеяларды улыўмаластырыў ҳәм системаластырыў; педагогикалық дизайн ҳәм моделлестириў эмприкалық социологиялық, бағдарланған педагогикалық бақлаў, гүрриңлесиў, сораўнама, тест, дөретиўшилик тапсырма, экспериментал изертлеў, мағлыўматларды қайта излеў алып қаралады.

Изертлеўдиң базасында үш басқыштан ибарат болып, биринши басқышта Нөкис қаласының тарийхын оқытыўдың тийкарғы жеке тәжирийбе, сондай-ақ изертлеўдиң түрли тәреплери бойынша тарийхый илимий әдебиятларды үйрениў ҳәм анализлеўди өз ишине алады.

Бул бағдарда үлкен теориялық методологиялық ҳәм илимниң фактлик майданына тийкарланған академик С.К.Камаловтың мақаласын айрықша көрсетиў зәрүр [3]. Автор бириншиден, олар ҳәзирги Нөкис аймағындағы эрамыздан бурынғы IV-III әсирлерге байланыслы археологиялық естеликлерди тапты ҳәм этнологлар болса, қала атын қарақалпақлардың

руўларының атларынан келип шыққанын тийкарлады; екинши басқышта теориялық тийкарлар анықланады, оның тийкарында Нөкис қаласының тарийхын оқытыўдың авторлық методикасы ислеп шығылады. Соның ушын усы пәнниң тийкарғы тематикалық блоклары анықланып, оның мазмунын талабалар тәрепинен ең жақсы өзлестириў ушын бағдарланған дидактикалық материаллар ислеп шығылған.

Ҳәзирги Нөкистиң орнында ең әййемнен баслап Нөкис аўылы пайда болған, ол XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң биринши шерегинде усы ат пенен байланыслы болғанлығы анықланады.

Педагогикалық илимий изертлеўдиң гипотезасын сынап көриў ҳәм ислеп шығылған методологияның нәтийжелилигин анықлаў экспериментал изертлеў жумыслары избе-из өткериледи. Үшинши басқышта, 1928-1941-жыллар бойынша топланған материалларды анализлеў, улыўмаластырыў системаға салыў архивлик материалларды қайта ислеў ҳәм анықлаў жумыслары алып барылады. Бул бойынша көрсетилген мағлыўматлар дәлилленеди, Нөкис волосты советлерге қарсы биринши қураллы қарсылық көрсетиў орайларынан бири болған; төртиншиден, Нөкис волосты – Нөкис районының (1928-1941) орайы болған. С.Камаловтың айрықша атап көрсеткениндей, «Төрткүлден кейин Қарақалпақстанның екинши пайтахты «сахра ортасындағы үлкен аўылда емес, бәлким өзиниң узақ тарийхына ийе болған ҳәм волост, район орайы есапланған Нөкисте болыўы» оның пайтахт сыпатында туўры таңланғанлығынан дерек береди» дейди. Илимий методикалық классификациялаў тийкарында қарап шығылса Нөкис қаласының тарийхын басқышларға бөлиў теориялық жақтан анализленеди.

Усы пикирден алымлардың илимий мийнетлерине дыққат аўдарылады, академик С.К.Камалов тәрепинен усыныс етилген Нөкистиң раўажланыў басқышларын дәўирлерге дурыс бөлген. Бул үлкен методологиялық әҳмийетке ийе: биринши басқыш – 1932-1990-жыллар, яғный аўқам ҳәкимияты дәўириндеги раўажланыў басқышы. Ол еки дәўирге бөлинеди: 1932-1945-жыллар ҳәм 1946-1990-жыллар. Екинши басқыш – Өзбекстанның ғарезсизлиги дәўири. Автордың дурыс көрсеткениндей, ғәрезсизликтиң қолға киргизилиўи менен пайтахт тарийхында жаңа дәўир басланды. Бириншиден, административлик реформалар пайтахт дүзилиўине өз тәсирин тийгизди – ҳәкимият, үш посёлка жыйыны, 22 мәҳәлле кеңеслери пайда болды. Екиншиден, тарийхта биринши мәрте «Катекс» тоқымашылық комплекси қурып питкерилди, ун комбинаты, кийиз-отаў комбинаты, «Кабель» АЖ, «Қарақалпақбоян» АЖ, «Нөкис тас» АЖлары салынды. «Нөкис Султан Ўайс таў Мискин Үшқудық темир жолы», «Хожели Нөкис» көпир қурылыслары үлкен ўақыя болды. Үшиншиден, ғәрезсизлик жылларында пайтахттың билимлендириў системасы, илим ҳәм мәдeният тез көрсеткишлер менен өсти. Төртиншиден, Нөкис Арал мәселелери бойынша өткерилген халық аралық форумлар, Арал бойы халықлары тарийхы ҳәм мәденияттлары ушын орай ўазыйпасын өтей баслады. Жуўмақлап айтқанда, С.К.Камаловтың мақаласы Нөкис қаласының ҳәзирги тарийхын ашып бериўде үлкен әҳмийетке ийе. Тарийх илимлериниң докторы, профессор Б.А.Қошановтың бир қатар мақалаларын Нөкис қаласының ҳәзирги дәўир тарийхтаныўына қосылған үлкен үлес сыпатында қараўға болады. «Вести Каракалпакстана» газетасы бетлеринде «Пайтахт тарийхы ҳаққында» рубрикасындағы мақалалары Интернет веб-сайтындағы «Нөкис тарийхы» сыяқлы хабарлары, «Қала қурылысы машқалалары ҳәм изертлеўлер», «Шығыс мегаполиси» сыяқлы мақалалары үлкен әҳмийетке ийе болып, оларда урбанизация процесслери, тарийхый демография, пайтахт қурылысы мәселелери сөз етиледи ҳәм қала тарийхын ашып бериўде анықлықты көрсетип береди [4].

Ғәрезсизлик жылларында Нөкис қаласының тарийхын үйрениўдиң тийкарғы дереги сыпатында алып қарайтуғын болсақ, Нөкис қаласының 1991-2005-жылларда қаланы басқарыў системасының админстративлик реформасы, қаланың ҳәзирги социал-экономикалық инфраструктурасының қәлиплесиўи, мәдeният, илимий орай сыпатында раўажланыўын үйрениў нәзерде тутылады. Нөкис қаласының 1991-2019-жылларда урабанизациялық процесслер ҳәм экологиялық машқалалары, қалалық агломерация мәселелери тарийхы алып қараўға болады [5].

Жуўмақлап айтқанда, жоқары оқыў орынларының тарийх қәнигелиги талабалары ушын «Нөкис қаласының тарийхын» үйрениў методы ҳәм методологиясы ислеп шығылған болып, үш басқышты өз ишине алады. Бул кәсиплик тәлимниң ажыралмас бөлими сыпатында тарийх пәнине қызығыўшылықты оятатуғын мотивация, талабалар арасында Нөкис қаласы тарийхының ҳәр бир дәўириниң анық картинасын жаратыўға қаратылған раўажланыў болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Постановление Президента Республики Узбекистан «Об организации деятельности общественного совета по новейшей истории Узбекистана при академии наук Республики Узбекистан». –Ташкент: 30 июня 2017, № ПП-3105.

2. Новейшая история центральной Азии. Проблемы теории и методологии. -Москва: 2018, -С. 7-8.

3. Камалов С.К. Нөкис қаласының раўажланыў тарийхынан. ӨзР ИА ҚҚБ Хабаршысы. –Нөкис: 2003, № 6, 64-69-б.

4. Кошанов Б.А. Проблемы и поиски в градостроительстве. Вести Каракалпакстана. –Нукус: 26.10.2002; Его же: Мегаполис по-восточному. /Вести Каракалпакстана. –Нукус: 4.02.2003.

5. Есназарова З. История города Нукуса периода независимости (1991-2005). -Нукус: -С. 28-88.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада мустақиллик йилларидаги Нукус шаҳри тарихини ўрганишнинг методологик жиҳатлари яъни, методлари ва методологияси педагогик нуқтаи назардан таҳлил қилинган. Тарихий методологик таҳлил борасида муаллифлар Нукус шаҳрининг тарихини ўрганишда олимлар илмий асарларини фундаментал асосда ўрганиб чиқиб, босқичларга ажратган. Бунда, асосан, Нукус шаҳрининг фундаментал моҳиятини сақлаб қолиш, шахс, жамият ва давлатнинг ҳозирги ва келажадаги эҳтиёжларини қондириш асосида замонавий таълим сифатини яхшилаш кўзда тутилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются методологические аспекты изучения истории города Нукуса за годы независимости, то есть его методы и методология. При изучении историческо-методологического анализа мастерами, изучены истории города Нукуса путём изучения научных трудов учёных в фундаментальном анализе. В то же время сохранение основополагающей сущности Нукуса заключается в обеспечении современного качества образования, основанного на текущих и будущих потребностях личности, общества и государства.

**SUMMARY**

The article analyzes the methodological aspects of studying the history of the city Nukus over the years of independence, that is, its methods and methodology. When studying historical methodological analysis by experts, it was investigated the history of the city Nukus from scientific works of scientists in fundamental analysis. At the same time, preservation of the fundamental essence of Nukus is to ensure the modern quality of education based on the current and future needs of the individual, society and goverment.